



Jwe nenpòt kote



Devine sa m wè

Kòm endis, jwè a bay premye lèt ki nan non objè li wè a, koulè l oswa gwosè l. Pa egzanp, si jwè a chwazi yon fig, li ta ka di "Mwen wè ak ti je m yon bagay non li kòmanse ak F" oswa "Mwen wè ak ti je m yon bagay ki jòn." Si li wè yon bekàn, li ta ka di "Mwen wè ak ti je m yon bagay ki gen wou." Jwè yo ap devine sa l wè a jiskaske yo jwenn repons lan. Premye moun ki jwenn bon repons lan ap chwazi pwochen objè a.



Jwèt Chèche epi Jwenn

Jwèt Chèche epi Jwenn se yon bon fason pou pase tan w, pou detann ou epi vin gen yon seri konpetans. Jwèt sa yo ka ede nou pase tan nan lè n nan machin, lè n ap tann nan liy, nan restoran oswa nan yon randevou.

Chèche lakansyèl

Eseye jwenn objè pou chak koulè lakansyèl la



Siyalizasyon

Konbyen pano siyalizasyon w ka jwenn toutotou w, tankou pano pou twalèt ak pou kanpe?



Chèche fòm

Gade konbyen won, kare, triyang ak lòt fòm ou ka jwenn.



Wi oswa Non

Yon jwè (Adilt oswa timoun) di lòt jwè a "M ap panse ak yon bèt". Dezyèm jwè a eseye devine ki bèt li ye lè l poze kesyon yo ka reponn sèlman ak "wi" oswa "non". Pa egzanp "Èske bèt la gwo?" "Èske bèt la gen anplim plim sou li?"

Èske m pi gwo pase?

Pandan w ap fè ti mache ak pitit ou, fè l gade bagay ki pi gwo oswa pi piti pase l. Montre pitit ou bagay ki pi wo pase l men ki pi ba pase w. Apre sa, montre l jan pyebwa yo pi wo pase ni ou menm ni li menm.

